



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OCEAN INSIGHT PRAL ELAJI OPERASYON LI NAN KONTE MONROE K AP KREYE JIKSWA 100 NOUVO DJÒB**

*Konpayi fabrikasyon pwodwi fotonik pral elaji anplasman Village Gate nan vil Rochester*

*Investisman an ap konplete inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Ocean Insight, yon devlopè ak manifakti sistèm espektwoskopik, pare pou elaji operasyon Konte Monroe li yo epi li angaje l pou l kreye jiska 100 nouvo djòb pandan senk ane kap vini yo. Ocean Insight te site resous enpòtan ak ekspètiz ki disponib yo nan rejyon Finger Lakes ki gen rapò ak fotonik ak imajri kòm rezon pou ekspansyon an. Pandan ke majorite operasyon konpayi a nan Orlando, Florid kote li gen katye jeneral li, pwojè a pral wè konpayi an elaji espas fabrikasyon aktyèl li nan lokal Village Gate li nan Vil Rochester pou pi byen satisfè bezwen kliyan yo. Ankou kounye a, Ocean Insight espere ekspansyon bilding lan sou sit Anderson Avenue an ap fini an oktòb 2022.

"Agrandisman enkwayab Ocean Insight nan Finger Lakes pral sèlman ajoute nan momenntòm rejyon an kòm yon destinasyon pou biznis teknoloji avanse ak inovasyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pi enpòtan toujou, ekspansyon sa a pral kontinye akselere kwasans travay nan tout rejyon an, ki rete konsantre sou endistri demen yo. Atravè patenarya estratejik ak konpayi tankou Ocean Insight, New York ap kontinye revitalize ekonomi nou an nan atire biznis yo devlope epi elaji atravè eta a."

Ekipman Ocean Insight yo ka mezire alafwa limyè ak koulè epi yo itilize li nan yon pakèt aplikasyon, tankou kontwòl kalite pwodiksyon gwo volim, imaj medikal, manje ak agrikilti, ak analiz lè ak dlo.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Ocean Insight la, Doktè Michael Edwards, te deklare,** "Rochester ak gran rejyon Finger Lakes yo se kote ki pafè pou elaji inite biznis Sistèm Aplike (Applied Systems) nou an. Resous teknik pwofon zòn nan konbine avèk yon kominote divès ak pozitif fè li yon bon kote pou Ocean Insight. Nou remèsye Gouvènè a ak Eta New York, Konte Monroe, ak Vil Rochester paske yo sipòte agrandisman nou nan Eta New York."

Empire State Development ap bay jiska 1 milyon dola atravè pwogram Kredi Taks Excelsior Jobs la an echanj pou angajman kreyasyon travay ki baze sou pefòmans yo. Konpayi an planifye pou li envesti prèske 1.8 milyon dola pou elaji nan lokal Village Gate yo epi achte nouvo machin ak ekipman. Konte Monroe, Vil Rochester, RG & E ak Greater Rochester Enterprise ap ede tou ak kwasans konpayi an nan rejyon an.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Envestisman estratejik Eta New York yo te ede etabli rejyon Finger Lakes kòm yon sant optik, fotonik ak imajri vizyonè. Angajman konsantre nou sou devlopman mendèv ak travay 21èm syèk la vle di ke konpayi tankou Ocean Insight ka kontinye grandi isit la, ak yon filyè pou pase nan talan teknoloji enpòtan yo bezwen."

Rejyon Finger Lakes se yon renome mondyal nan domèn manifakti ki baze sou limyè a. Nonsèlman li se kay etablisman Tès, Asanblaj, ak Anbalaj (Testing, Assembly and Packaging, TAP) AIM Photonics AIM, men tou pou Institute of Optics (Enstiti Optik) University of Rochester, Institi Teknoloji Rochester (Rochester Institute of Technology) ak plis pase 100 konpayi optik, fotonik ak imajri lokal yo. Avèk mendèv la, baz teknoloji ak rezo sipò an plas, rejyon an kontinye ap simante tèt li kòm lidè endistri mondyal la, k ap mennen nan kwasans ekonomik ak kreye opòtinite pou jenerasyon k ap vini yo gras ak angajman konpayi yo tankou Ocean Insight.

**Senatè Eta, Samra G. Brouk, te deklare,** "Vwazen nou yo nan Village Gate, Ocean Insight, ap bay djòb manifakti dènye kri pou kominote nou an epi ede rejyon nou an mennen eta a ak nasyon an nan ekonomi inovan alavni an. Lè yo bay envestisman vize ak enpleman yon inisyativ konplè Finger Lakes Forward, Eta New York ap itilize pwomès ekonomik demen an pou nourri fanmi nou yo ak amelyore kominote nou an jodi a."

**Manm Asanble Eta a, Demond Meeks, te deklare,** "Pandan plis pase yon syèk, Rochester te akeyi yon endistri optik pwospere gras ak efò yo ak inovasyon konpayi ki t ap fleri yo tankou Bausch and Lomb ak Eastman Kodak. Pandan n ap travay nan direksyon pou revitalizasyon vil nou an, nou dwe kontinye bay manm kominote nou an travay ki byen peye ak karyè enpòtan. Mwen rekonesan anvè fanmi an ak anplwaye Ocean Insight yo paske yo demontre angajman yo anvè moun Greater Rochester yo."

**Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare,** "Agrandisman Ocean Insight nan Konte Monroe reflekte pwogrè kontinyèl rejyon nou an kòm yon sant pou teknoloji ak inovasyon. Envestisman sibstansyèl sa a mete aksan sou fòs ekonomi lokal nou an ak sou mendèv nou an ki solid, divèsifye ak kalifye. Mwen remèsye ekip Ocean Insight la, Gouvènè Kathy Hochul ak Empire State Development pou angajman kontinyèl yo anvè kominote nou an."

**Majistra Vil Rochester a, Malik Evans, te deklare,** "Mwen vle felisite ekip Ocean Insight la pou siksè k ap mennen agrandisman enpòtan sa a epi mwen remèsye yo paske yo te fè envestisman sa a nan Rochester. Mwen rekonesan tou anvè Gouvènè

Hochul ak Empire State Development paske yo te kenbe ak grandi djòb nan ekonomi inovan Rochester a atravè Finger Lakes Forward. Ansanm, n ap avanse objektif nou pou kreye yon Rochester ki an sekirite, ekitab ak pwospè."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester a ak Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, te deklare,** "Ocean Insight se dènye konpayi ki rekonèt rejyon Finger Lakes la se yon kote ideyal pou devlope kòm yon lidè optik, fotonik, ak imajri, gras ak talan klas mondyal ki soti nan kolèj ak inivèsite yo nan zòn nou an, resous endistri enkwayab yo, ak yon kominote ki investi. Nou akeyi Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral la Doktè Michael Edwards ak ekip li a epi nou pa ka tann pou nou travay pou sipòte siksè kontinyèl yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise, Matt Hurlbutt, te deklare,** "Agrandisman Ocean Insight se yon andòsman pou pwofondè ak lajè enkwayab resous ki disponib nan tout rejyon Greater Rochester, NY la pou akselere kwasans konpayi optik, fotonik, ak imajri. Plis pase 150 konpayi optik, fotonik ak imajri ki sitiye nan rejyon Metwopolitèn Rochester, NY la pwofite mendèv la ak ekspètiz teknik ki disponib, ki alimante pa talan jeni eksepsyonèl ki resevwa fòmasyon nan Rochester Institute of Technology ak University of Rochester."

Pou plis enfòmasyon sou Ocean Insight, vizite: <https://www.oceaninsight.com/>.

### **Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York ([www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov)). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lòt novèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418